

SHORT STORIES

BY ZEE SWETO

JANUARY 2021 · ISSUE 01 · #IAMROYALTY



ZEE SWETO

Please note, no character in this issue ever existed. All names and the storyline are from the author's creativity. Read and enjoy but don't forget to mask up. Stay safe from Covid 19. Images used in this publication are for illustration purposes only.

MWANA NDAKUBIRAI

According to the information I gathered munhu wangu aitovawo bhebhi bho and aitobvawo kumba kune vanhu. Vaitovawo sister veku church maibata. But anyway ndoma statement enyaradzo and hakuna vabereki vangazoisa mwana wavo pama1 for the decision already made and mari yatodyiwa.

Apa munhu wangu wangu heavy simbi sei, guys ndaive ndakazvibatira but its time I let it out kuti zvipere. Remember inyaya yanezuro uno uyu. Here is my story.....




It started about one and half years ago ndatongobayawo paZim kufuneral apa unongoziya yechiboyz yekuti unongotambidzwa nemasistren paden haaa pakaipa. Iyewo kuzonzwa kuti muface ari based kuNamibia akatiwo haaa bho zvokuti. Problem yanguwo amana yekuzoda munhu nemoyo hameno mapapu ainge asara kupi wena. That week I spent ndiripaZimbo haaa takachovha zvekutodaro. For me ndaingotiwo ndezve2 mins since ndirikutodzokera but bhebhi akazondibhilihisa zvekuti haaa ndakatodonha bag ndichinzi arikuda kuApplier passport.

Sistren yangu handina kuzoibatisa zvese zvaitika but aingoonawo kuti haa blaz vatorikumberi kunge date reVaccine. Iwe iwe takatochimhanya ndikatobuda ghetto maface akutoziva kuti isimbi yamudhara. One week murudo igore kune vakaroorana inzwa inini. The activities you do and the love you share in that short space of time is something else. MaDays akazokwana ndikati ndakubaya haa mwana kutochema guys. Ndakazongovharawo kuti I'm coming back for you but deep down ndaitongoti zvaperera pano. Finally she accepted and I left in peace.

Pandakasvika kuNamz ndakamboita zvi2 weeks ndichitognore munhu but one day ndakazongogaya wangu kuti but still handina bhebhi riripama plans angu rekuroora let me consider this new girl pamwe ndingatoina munhu pavanhu. I started communicating with her apologizing for my silence kuti zviendeke. Once you consider someone as marriage material I think most can relate you will have some respect and consideration for that person in almost everything you do and plan, zvekuti zvimwe unotojamba kana maSiblings ako.

Apa ndakange ndanyura manje and masinhi I made sure kuti every mothend ndotumira something kuti bhebhi aratidzikewo kaaa maibata. Ndakabva ndatoudza masister kuti munhu ngaaratidzwe momz uyo coz mamanje ndomutora saka ngavagare vachizivana. Sistren vakati its okay but iwee your pace wanyanyonyudza gejo take your time. But kana urimurudo haaa hazvimeke sense zvavaindiudza. Infact ndakatotanga kulgnore my



sister nekuda kwemwanasikana. For sometime things were so so good rudo ruchipisa kunge Dubai. Zvekuti love is painful ndaitozvinzwira kune vanoshandisa masharp objects murudo coz kwedu zvaifaya. Unoziva kunakirwa nerudo zvekuti unoBlamer munhu wese anoshora zvema rureshenishipi izvi.

Bhebhi akazongotanga kuita tuma moods moods last year muna October ndikatoti don't worry babe ndirikuuya December then ndoroora tobva tadzoka tese. Aive angova ma1 word replies and sometimes no reply. Then chiLong message chakazopindira Friday morning zvikanzi ndirimunhu wenyama ndine mafeelings and I can't take this anymore. Ndakambosofter guys munhu akaramba akasticker. Then ndakazonzi tomorrow is Saturday ndokumbirawo kuenda kuParty ye this friend of mine but haumuzive. Iniwo semunhu aida munhu and relationship yaitodawo makanika ndakabva ndati its okay bbe baya but udzoke early since kune maLockdown aya.



Mwana akabaya guys 2 days bhebhi no message then I decided to make a call and all she could say was ndaka sungwa izvozvi because of that party they didn't stick to the curfew rules and was caught drinking mumota.

Airtime yakapera asati apedza so as I was going to recharge my phone ndakaona Facebook notification yekuti I'm tagged by one of my ghetto

friends apa post yacho guys honaiwo picture iyo...that's my girlfriend. Ehe iyeye chaiye asungwa uyu. Rudo ibofu so they say but apa ndakuona apa handichazi bofu guys but I have to wake up from this dream.

I pretended like handina zvandaona so I sent her money for fine together with her three friends. Rudo rwaive rwangova rwekupusha nebhara one sided kunge gakanje. I was trying by all means to make things work and she was feeling guilty i guess but haana kuda kundiramba akaramba akasticka achingoti you are the one I love. First week raDecember ndakazongofona ndiakti weekend will be in town. Iyewo kuzoita senge rudo kani zvikanzi love huya next week coz this week I'm very busy. Ndikati its fine will meet you at night but confirm day rekuroora. By the time I drove from Namibia ndakatoudzwa date rekuroora as 17 December.

Munongoziva driving uriOne unomboneta so ndakatozosvika paHarare kuma8 husiku. I was so tired zvekuti I never bothered to call my queen I just sent her a text message kuti ndasvika. I had to sleep early coz I was tired and knew kuti the following day I might be busy.

Monaz kuma 10 I was still sleeping and sistren yakazongopindira zvikanzi iwe muka mukadzi akaenda uko apa iwe wakavata. Aitotaura achitoseka hake. Ndakamuti watii....ndichimuka, zvikanzi wazvinzwa zvandakuudza ita mushe. I just thought its a joke so ndakatochinja nyaya ndikamuti shaa ngatiite deal geza mota yangu ndokuonawo Pizza. Dakubuda nemwana zve2mins tozodzoka toona momz.

Pandakabuda panze momz vaitova mugarden mavo ndikatovamutsa paya, she tried to contain it but moyo wekubereka wakanga wakunda zvikanzi wandivigirei mwanangu. Ndikati ndakutengerai suit yamakaudza muroora wenyu....amai vakanditarisa ndokufamba vachiuya kwandiri misodzi pamatama. I was confused zvekuti ndakangovabatawo semwana tichipinda mumba. Tichingogara pasofa she looked at me zvikanzi musikana wako akaroorwa nezuro. I know my mum kuti kana vafarira munhu vanenge vatomufarira and such was the relationship between her and momz yangu.

Momz vakazongoti I need my tablets eBP ndakabva ndaziva kuti ma1 atanga this is real. Ndakabuda muden kuenda kumota, I tried to call her phone ndokudeerwa nemuface. All he could say was I don't know what you talking about but now my wife is cooking in the kitchen will let her know you called. Ndakatora mupfana wangu kwakurova mota kuenda pamaraini ebhebhi coz ndaida kunyasozvionera nekuzvinzwira ndega. Ndakatojumana naninez ndisati ndasvika kakatomhanyira pamota. I could see the pain from her eyes. Bamukuru I'm sorry Kim akaroorwa. Anga akudanana neThis guy hanzi old class mate and the day she went kuParty naye they slept together and she got pregnant. Up to now handina kana zvekutaura ndirikutonyara and all along pakanzi mukomana akuuya kuzoroora even vana mama thought its you only to be shocked pachiuya kamwe kamuface soo.

Your mum vakatosangana namama vakatonzi ndafara chose kuti mwana wako afunga kuchiroora mwana wangu zvakutosimbisa hukama apa momz hapana chavaiziva. Bamukuru please forgive us you can go ask mama, we were not part of this neither were we in support of this idea but vana baba ndovakazoti kana munhu azvitakura kutongobvuma zviripo. They say munhu wemurume hauchemi but I couldn't bear this pain tuma tear drops twakati do do do, yaaah pain ndoiziva.

Ndakazorova mota ndakananga paDen kwakutoona momz yebhebhi zvikanzi mwanangu ndine hurombo nezvakaitika and ndirikutonyara kukutarisa. Mwari vakuitire zvakanaka uwane mumwe musikana akanaka ane rudo asingakurasise. Ndichahuya ndoona amai vako ndoda kutaura navo. Those are

the wise words I got from her. Ndakutopinda mumota she jokingly said vana Prim varipo avo and she laughed havo vachitovhara door remota vachindioneka. Ndakasvikorova food paden but momz vakaramba she wasn't well. Ndakazoono message from mainini young sister yake zvikanzi bamukuru ndoda kuzokuonai. Ndakangofonawo ndikati later coz ndoda kuperekedza momz kumusha.

Takaita 2 weeks paroots musu watakadzoka I had just one day before I depart. Ndakapinzira mainini phone ndikati ndasvika zvikanzi I'm busy kubika so ndobuda around 5.30pm but since kurikunaya munotouya paden. Exactly that time I was at their gate munhu akabuda. ndakatorova mota ndikanopaka paden and hapana akambobuda coz kwainaya heavy. We talked a lot about her sister's behaviour. Everything adds up to something ndakazongoona takutokisana namainini.

Amanakaaaa, pakaipa. Dzakabva dzati ini ndirikutodzokera newe hameno kuti sei but handisikusara. Iniwu ndikati dzawira mutswanda idzi ndakutohorera. We planned kuti anobuda sei paden pavo mangwana and there was no need to carry a big bag. Around 10am mwana anga atova mutown. Ndakabva ndatooneka paden and I met momz yake ndichitoridza hangu "mwana ndakubirai" and zveshuwa mwana ndakatoba guys coz ane kamwe kasoftraz kandoda soo.

As of now tiribhoo and shoko takasvitsa kuti mwana ndini ndinaye and they have since blessed us and ndakatomutsvakira basa saka zvirinani. Nasister vake tirikungonzwa kuti kutori nehondo yaHitler chaiyo munhu arikurohwa manje neLockdown iyi pakaipa.

******the end******